

PWOGRAM ÈD POU PEMAN SWEN NAN LOPITAL NEW JERSEY

FICH ENFÒMASYON

KISA KI PWOGRAM ÈD POU PEMAN POU SWEN NAN LOPITAL LA?

Pwogram èd pou peman swen nan Lopital New Jersey (Charity Care Assistance) se swen gratis oswa nan pri ki redui, yo bay pasyan ki resevwa sèvis pou pasyan ki entènene ak pou pasyan ki pa entène nan lopital swen ijan atravè Eta New Jersey a. Èd pou lopital epi swen pou frè redui disponib sèlman pou swen lopital ki nesesè. Gen kèk sèvis tankou frè pou doktè, frè pou anestezyoloji, entèpretasyon radyoloji, ak preskripsyon pou pasyan ki pa entène yo separe ak lopital la epi yo ka pa kalifye pou rediksyon.

KIYÈS KI KALIFYE POU ÈD LOPITAL?

Èd pou peman swen lopital disponib pou rezidan New Jersey ki:

1. Pa gen kouvèti asirans sante oswa ki gen kouvèti asirans ki peye sèlman yon pati nan fakti a: **epi**
2. Ki pa kalifye pou okenn kouvèti asirans prive oswa gouvènman patwone (tankou Medicaid): **epi**
3. Ki satisfè **touledè** kritè kalifikasyon revni ak byen yo.

KISA MWEN BEZWEN BAY POU M RANPLI YON APLIKASYON?

Gen kat (4) kalite dokiman pasyan yo dwe bay pou ranpli aplikasyon an:

1. Pyès Idantifikasyon
2. Prèv Rezidans
3. Prèv revni (1 mwa, 13 semèn oswa 1 lane anvan dat sèvis la)
4. Prèv byen

Pou jwenn egzanp, gade detay ki nan paj ki annapre a.

Tanpri sonje yo ka mande lòt dokiman pou sipòte aplikasyon w lan.

Mèsi paske w chwazi Capital Health kòm founisè swen sante w.

KONDISYON POU CHARITY CARE

Pou w ka kalifye pou Pwogram Charity Care la epi detèmine kalifikasyon w, w ap bezwen dokiman sa yo.

1. **Fòm Idantifikasyon** (sa vle di Pèmi kondui, Idantifikasyon Eta/Konte, S.S. Kat, Sètifika Nesans, Paspò, Viza, Kat Anrejistreman Etranje, Kat Idantifikasyon Anplwaye, Idantifikasyon Etidyan, oswa Inyon Kat Manm).
 2. **Prèv Rezidans New Jersey pou oswa anvan dat sèvis la** (sa vle di Bòdwo Sèvis Piblik, Bòdwo Telefòn, Kopi Papye Kay oswa lwaye, nenpòt nan fòm idantite ki anwo yo ak adrès la ak yon dat ki an vigè ki ka konpare ak dat aplikasyon an, kourye yo te resevwa avèk non epi adrès aktyèl aplikan yo ak yon atestasyon ki di pasyan rezide nan New Jersey depi dat sèvis la oswa yon lèt pwopriyete kay la, kamarad chanm oswa yon lèt rezidan New Jersey aplikan an ap viv avè l ki endike adrès New Jersey a).
 3. **Enfòmasyon sou revni anvan Dat Sèvis la** (sa vle di Souch chèk, lèt patwon an, Deklarasyon Avantaj pou Chomè, Andikap oswa Sekirite Sosyal, Lèt Patwon an sou papye ki gen antèt konpayi a ki endike revni egzak pou peryòd tan aplikab, Deklarasyon Taks sou revni oswa yon deklarasyon siyen ki di pa gen revni ak yon lèt sipò).
 4. **Enfòmasyon sou Byen apati Dat Sèvis la** (sa vle di deklarasyon Labank pou Kont chèk oswa kont Epay, Lèt Kont Labank, IRAs, 401ks, CDs oswa lèt aksyon, Obligasyon oswa Papye Negosyab).
 5. **Lèt**
-
-

Tanpri sonje yo ka mande lèt dokiman pou sipòte aplikasyon w lan. Si w ta renmen pran yon randevou oswa si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele 609-362-2200 pou tout Lokal Capital Health ki endike anba a.

Capital Health Regional Medical Center
Capital Health Medical Center -Hopewell
Capital Health Family Health Center
Capital Health nan Deborah – Emergency Services
Capital Health East Trenton